



Pou Piblikasyon Imedya: 16/08/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE 7 MILYON TÈS POU COVID-19 YO REYALIZE JISKA PREZAN NAN ETA NEW YORK

0.78 pousan tès pou COVID-19 yè yo te pozitif — 9yèm jou afile kote pousantaj pozitif yo te anba 1 pousan

6 ka lanmò akòz COVID-19 nan Eta New York yè

SLA a ak Fòs Entèkansyon Lapolis Eta a obsève vyolasyon nan egzijans Eta a nan 33 etablisman

Konfime 607 ka kowonaviris adisyonèl nan Eta New York - sa ki fè kantite total nan tout Eta a rive 425,508; gen nouvo ka nan 35 Konte

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a 7 milyon tès dyagnostik pou COVID-19 yo te reyalize jiska prezan nan Eta New York, epi ke chif ka pozitif yè yo — 0.78 — te anba 1 pousan nevyèm jou dafile.

"Chif nou yo reflekte travay di Nouyòkè yo, epi kòm lòt Eta yo nan tout nasyon an genyen ogmantasyon nan ka yo, chif nou yo rete ba regilyèman. Pou plis pase yon semèn, nou te wè to pozitive nou an rete anba 1 pousan, epi jiska prezan New York te fè 7 milyon tès — sa yo se reyalizasyon remakab ke Nouyòkè yo ta fyè de yo", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Eta New York ap demontre ke yon repons ke lasyans ak done ap gide - pa politik oswa opinyon - se sèl fason efikas pou fè fas ak viris sa a. Men, nou pa dwe vini konplezan epi pou nou riske retounen dèyè — chak moun dwe sonje pote mask yo, kenbe distans sosyal, lave men nou regilyèman, epi rete New York Solid (New York Tough)."

Yè, Otorite Alkòl Eta a (State Liquor Authority, SLA) ak Fòs Entèkansyon Lapolis Eta (State Police Task Force) te visite 1,170 etablisman nan Vil New York ak Long Island epi li te obsève 33 etablisman ki pa te an konfòmite avèk egzijans Eta a. Yon repatisyon nan vyolasyon yo obsève yè nan konte anba la a:

- **Bronx** - 5
- **Brooklyn** - 8
- **Manhattan** - 9
- **Queens** - 3
- **Nassau** - 8

Enfòmasyon jodi a yo rezime an brèf anba la a:

- **Kantite Pasyan Ki Ospitalize - 527 (+4)**
- **Pasyan ki Fèk Entène nan Lopital - 79**
- **Lopital Konte yo - 30**
- **Kantite ICU - 128 (+8)**
- **Kantite ICU nan entibasyon - 59 (+1)**
- **Kantite Moun Total Yo Voye Lakay yo - 74,154 (+73)**
- **Kantite Lanmò - 6**
- **Kantite Lanmò Total - 25,250**

Sou 77,692 tès pozitif yo te rapòte nan Eta New York yè yo, 607, oswa 0.78 pousan, te pozitif. Pousantaj rezilta tès pozitif chak rejyon yo pandan twa dènye jou yo repati konsa:

REJYON	JEDI	VANDREDI	SAMDI
Capital Region	0.6%	0.5%	1.2%
Central New York	0.9%	0.9%	0.7%
Finger Lakes	0.8%	0.5%	0.5%
Long Island	0.8%	0.9%	0.8%
Mid-Hudson	0.9%	0.7%	0.8%
Mohawk Valley	0.6%	0.5%	0.3%
New York City	0.9%	1.0%	0.9%
North Country	0.3%	0.2%	0.3%
Southern Tier	0.6%	0.2%	0.1%
Western New York	0.7%	1.3%	0.9%

Gouvènè a te konfime tou 607 nouvo lòt ka kowonaviris adisyonèl, sa ki bay yon total 425,508 ka ki konfime nan Eta New York. Nan total 425,508 moun ki te teste pozitif pou viris la, repatisyon jewografik yo se jan nou pral site la a:

Konte	Total Pozitif	Nouvo Pozitif
Albany	2,654	11
Allegany	80	0
Broome	1,166	1
Cattaraugus	171	1
Cayuga	164	1
Chautauqua	263	0
Chemung	189	1
Chenango	218	0
Clinton	132	1
Columbia	552	1

Cortland	97	0
Delaware	107	0
Dutchess	4,686	18
Erie	9,147	33
Essex	59	0
Franklin	54	0
Fulton	303	0
Genesee	285	1
Greene	298	1
Hamilton	11	3
Herkimer	283	1
Jefferson	143	0
Lewis	47	0
Livingston	178	0
Madison	421	0
Monroe	5,165	22
Montgomery	187	3
Nassau	43,929	38
Niagara	1,532	3
NYC	230,223	307
Oneida	2,198	3
Onondaga	3,674	11
Ontario	368	1
Orange	11,254	25
Orleans	301	1
Oswego	271	0
Otsego	118	0
Putnam	1,461	2
Rensselaer	795	6
Rockland	14,007	10
Saratoga	792	9
Schenectady	1,119	18
Schoharie	69	0
Schuyler	23	0
Seneca	93	0
St. Lawrence	263	0
Steuben	306	0
Suffolk	44,159	50
Sullivan	1,493	0
Tioga	195	0
Tompkins	238	0
Ulster	2,095	6

Warren	312	0
Washington	261	0
Wayne	269	0
Westchester	36,453	18
Wyoming	118	0
Yates	59	0

Yè, te gen 6 ka lanmò akòz COVID-19 la nan Eta New York, sa ki mete total la ak 25,250. Repatisyon jewografik la se konsa, dapre konte rezidans:

Ka lanmò yo dapre konte rezidans	
Konte	Nouvo ka lanmò yo
Erie	1
Kings	1
Manhattan	2
Ontario	1
Rensselaer	1

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov

Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)